Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ

№ 12 (6178)
9-ФЕВРАЛЬ
1990 ЖЫЛ
ЖУМА

Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАН ЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИНИҢ ПЛЕНУМЫ

1990 жыл 5-февральда КПСС Орайлық Комитетиниң гезектеги Пленумы өз жумысын баслады. Пленумның қарап шығыўына төмендеги мәселе киргизилди:

КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформасының жойбары ҳаққында.

Бул мәселе бойынша Пленумда КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары М. С. Горбачев доклад жасады.

Қаралған мәселе бойынша жарыс сөзлер болды.

Пленумда КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформасының жойбарын толықтырып ислеп шығыў ҳәм додаланған мәселе бойынша Пленумның қарарын таярлап шығыў бойынша редакциялық комиссия дүзилди.

6 февральда КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы өз жумысын даўам еттирди.

* * *

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИНИҢ ПАРТИЯНЫҢ XXVIII СЪЕЗДИНЕ ПЛАТФОРМАСЫНЫҢ ЖОЙБАРЫН ТОЛЫҚТЫРЫП ИСЛЕП ШЫҒЫЎ БОЙЫНША РЕДАКЦИЯЛЫҚ КОМИССИЯНЫҢ МӘЖИЛИСИ ҲАҚҚЫНДА

5 февральда М. С. Горбачевтың председательлигинде редакциялық комиссияның биринши мәжилиси болып өтти.

1990 жылдың 6 февралында КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумында КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформасының жойбары ҳәм КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары М. С. Горбачевтың усы мәселе бойынша докладын додалаў даўам етти.

* * *

КПСС ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИНИҢ ПАРТИЯНЫҢ XXVIII СЪЕЗДИНЕ ПЛАТФОРМАСЫНЫҢ ЖОЙБАРЫН ТОЛЫҚТЫРЫП ИСЛЕП ШЫҒЫЎ БОЙЫНША РЕДАКЦИЯЛЫҚ КОМИССИЯНЫҢ МӘЖИЛИСИ ҲАҚҚЫНДА

6 февральда М. С. Горбачевтың председательлигинде комиссияның мәжилислеринде КПСС Орайлық Комитетиниң КПСС тиң XXVIII съездине платформасының жойбары бойынша Пленум қатнасыўшыларының усынған усынысларын ҳәм ескертиўлерин қарап шығыў даўам етти.

* * *

1990 жылдың 7 февралында КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумында КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформасының жойбарын ҳәм КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары М. С. Горбачевтың усы мәселе бойынша докладын додалаў даўам етти.

Пленумда дүзилген редакциялық комиссиядан Г. П. Разумовский шығып сөйледи.

Редакциялық комиссияның усынысларын ҳәр тәреплеме қарап шыққаннан кейин Пленум келип түскен ескертиўлерди ҳәм болған додалаўларды есапқа алған түрде толықтырып ислеп шығылған КПСС Орайлық Комитетиниң партияның XXVIII съездине платформасының жойбарын (баспа сөзде жәрияланады) мақуллады ҳәм усы мәселе бойынша қарар қабыл етти.

Пленумда Литва Компартиясы XX съездиниң қарарларына байланыслы мәселелерди додалаў даўам етти.

КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары М. С. Горбачев усы мәселе бойынша шығып сөйледи. Бул мәселе бойынша жарыс сөзлер болды.

Пленум усы мәселе бойынша қарар қабыл етти, қарар баспа сөзде жәрияланады.

КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумында М. С. Горбачев жуўмақлаў сөз сөйледи.

КПСС Орайлық Комитетиниң Пленумы усыны менен өз жумысын тамамлады.

Бизиң кандидатларымыз

«РЕВОЛЮЦИЯЛЫҚ ӨЗГЕРИСЛЕРДИ ЎӘДЕ ЕТПЕЙМЕН»



Гүлнара Алланиязова Нөкис қалалық Советине №73 сайлаў округинен депутатлыққа кандидат етип дизимге алынды. Ол өзине исеним билдирген пайтахтымыздың гөне қала территориясында жайласқан «Әжинияз» атындағы орта мектепти 1980 жылы «Алтын медаль» менен тамамлап, НМУдың рус тили ҳәм әдебияты факультетине түсип оқыды. 1985 жылдан баслап өзиниң ана мектебине келип кәсиби бойынша ислей баслады. 1986—87 жылы болса мектептиң комсомол комитетиниң басқа жумыслардан азат етилген секретары болып иследи. 1987 жылдың мартынан 1988 жылдың март айына шекем Запорожье обкомы комсомолында стажировкада болып қайтты. 1989 жылдың декабрь айынан баслап областлық комсомол комитетиниң жумысқа алынды. Ол ҳәзир бөлим баслығының орынбасарлығы лаўазымында ислеп атыр. 1962 жылы туўылған, миллети қарақалпақ, КПСС ағзасы.

— Гүлнара дәслеп өзиңниң платформаң ҳаққында қысқаша айтып берсең?

— Барлық депутатлыққа кандидат етип дизимге алынғанлар сыяқлы мениңде өз платформам бар. Бирақ, мен сайлаўшыларыма олар жасап атырған территорияларда революциялық өзгерислер ислеймен деп ўәде етпеймен. Өйткени, ол шынлыққа туўры келмейди. Тек мүмкиншилиги бар, халыққа зәрүр, бирақ ҳәркыйлы себеплерге байланыслы кешиктирилип атырған жумысларды тезлестириўге жәрдем беремен ҳәм өз сайлаўшыларымның тилек ҳәм өтинишлеринде айтылған мүтәжликлерине қарап ҳәрекет етемен.

— Усы территорияда басқа қандай жумысларды ислеў мүмкиншилиги бар? Сиз оларды өз платформаңызға киргиздиңиз бе?

— Территория оғада үлкен. Бул жерде әсиресе көбирек социаллық проблемалар орын алған. Көшелерди көгалландырыў ҳ. т. б. буларды да шешиў керек. Және ең баслы мәселелердиң бири жаслардың тәрбиясы мәселеси. Биринши гезекте жаслардың бос ўақытларын дурыс шөлкемлестириў, олардың ҳәркыйлы жәмийетлик жумыслар менен, спорт пенен шуғылланыўы ушын мүмкиншиликлер туўдырып бериў керек. Бул территорияда еки жерде физикалық шынықтырыў жолы менен емлеў комплекси салынып атыр. Усы комплекстиң питиўинде тезлестириў керек, деп ойлайман. Буннан басқа елатлы пункттиң территориясындағы жайласқан еки мектептиң де жағдайы төмен. Бул жерде спорт заллар жоқ, кабинетлик системада оқытыў ушын класс жайлары жетиспейди, тар. Булар әлбетте оқыў тәрбия ислериниң сапасына жаман тәсир жасайды. Оның нәтийжесиниң қандай болатуғынын ҳәр биримиз билемиз. Өйткени, халықта «баланы жастан» деген даналық сөз бар ғой.

— Сиз мениң билиўимше сол халықтың қәлеўлиси болыўға талабан болып атырған территорияда жасайды екенсиз...

— Дурыс. Мен сизиң не айтпақшы болып отырғаныңызды түсиндим. Оған тийкарынан мениң жеке принципиаллық көз қарасым себеп болып отыр. Мениң ойымша ҳәр бир депутат өзине исеним билдирген сайлаўшылары арасында жасаўы керек. Сонда олардың проблемаларын жақсы түсинип, дурыс шешим қабыл етиўге аңсат болады.

— Гүлнара, ҳәрқандай гүресте қарсыласыңды өзиңнен әззи санасаң утыласаң дейди көпти көргенлер. Сиз бул мәселеде қандай пикирдесиз?

—Мениң «қарсыласларым» оғада искер, талапшаң адамлар. Олардың ҳәр бириниң халықтың қәлеўлиси болыўға ылайық екенине исенемен.

Гүррыңлесиўди жүргизген
Б. ОМАРОВ.

Мақсетбай Жәнибеков

Ол 1987-жылдан берли Тахтакөпир районының «8 март» совхозында салығершилик комсомол жаслар бригадасын басқарады.

Аўылда туўылып, мийнетте шыңланып өскен жас жигит өз орнын туўылып өскен елатында ҳақыйқый мийнет майданынан тапты. Мине, енди «мийнет мәртебе келтиреди» дегендей ақ, өзи көп қол урған сол дийхан шылық кәсибинен камал таўып көпшиликтиң нәзерине илинди. Ал, оның салдамлы, кең пейил, туўра сөзли жоқары адамгершилик қәсийетлери болса ел-халқын да артықмаш үмит-исеним пайда етти.

— Соның ушын да биз Мақсетбайды Өзбекстан ССР халық депутатлығына кандидат етип усындық,— дейди «8 март» совхозының партия комитетиниң секретары исенимли ўәкил Ж. Жолмурзаев. — Мен оның егер депутат болып сайланса исенимди ақлап, өз сайлаўшыларының дийдинен шығатуғынына исенемен.

«Мени айрықша тәшўишлендиретуғын нәрсе, бул ҳәзирги экологиялық қыйын жағдайларға байланыслы аўыл халқының турмысы, ертеңги күнимиз. Мысал ушын айтсақ, Тахтакөпир районы республикамыздың арқа түпкиринде жайласқан ең шеттеги елат. Арал теңизиниң аўыр ақыбетлери бизлерге әсиресе көбирек төшўиш ҳәм қәўип туўдырып атыр. Бәринен де аўыз суў мәселеси қыйын, оның ушын да Түйемойын суў линиясын әкелиўди тезлетиў тийкарғы мәселе». — Мақсетбайдың сайлаў алды платформасында мийнеткешлердиң мәнин гезлейтуғын басқа да көплеген мәселелер орын алған.

Биз мийнеткешлердиң өз арасынан шыққан жигерли жас жигиттиң халық исенимин ақлаў ушын қолынан келгенинше ҳәрекет ететуғынына исене отырып, ең баслысы; ҳадаллық, ықлас ҳәм ҳақ нийет болсын дейимиз.

Б. ДОСЖАНОВ.

Халық ылайықлылары

РЕДАКЦИЯДАН; № 10 Куйбышев сайлаў округинен Қарақалпақстан АССР халық депутатлығына кандидат етип Х. Ражапова, Б. Ильясов, Р. Қалниязова, Г. Аминова жолдаслар усынылған еди. Р. Қалниязованың сайлаў алды платформасы газетамыздың өткен санында жәрияланды. Бүгин сол округтен депутатлыққа кандидат етип усынылған жолдаслардың платформасын жәриялап отырмыз.

Халбийке Ражапова

Халбийке Ражапова 1951 жылы туўылған. 1973 жылдан берли КПСС ағзасы. Билими орта. 1970 жылдан берли Нөкис полиграфкомбинатының қәрип териў цехында қәрип териўши болып ислеп атыр. Жумыс дәўиринде өз қәнигелигин жетик ийеледи, оған 5 разряд берилди. Полиграфкомбинат партия шөлкеминиң партбюро ағзасы.

Депутатлыққа кандидаттың сайлаў алды платформасы төмендегилерден ибарат:

1. Егер халық депутаты болып сайлансам округтиң территориясындағы 34 мәкеме мийнет коллективиниң, мектеплер ҳәм мектепке шекемги мәкемелердиң ҳәм месиеде ушырасыўлар өткерер едим, олардың дәртине, тилеклерине қулақ саламан. Мениң тийкарғы сүреним—халық депутатқа емес, ал депутаттың өзи халық алдына барсын.

2. Халық пенен ушырасыўлардың жуўмағын шығараман. Ушырасыўда депутатқа қойылған талаптың ҳәммесин есапқа аламан. Соң тийисли орынларға, мәселеге жуўапкер министрликлер менен ведомстволардың алдына талап қояман. Бул талапларды ҳәттеки республика Жоқарғы Совети сессиясына жеке алып шығыўым мүмкин. Буған мениң талапшаңлық дәрежем, күш-ғайратым жетеди.

3. Округтеги мәкеме ҳәм кәрханалардың социаллық экономикалық мәдений жағдайын үйренип, төне имаратларды жаңалаўға ҳәрекет етер едим. Сайлаў округи орайы—Киров атындағы мектептиң имараты тозып тур. Қаланың санаипдстанция имаратының тар екенинен хабарым бар. «Қарақалпақстан» баспасы да, газета редакцияларындағы жай мәселеси қыйын болып тур. Архитектуралық басқарма, республикалық китапхананың имаратлары да талапқа жуўап бермейди.

4. Мен округ территориясындағы бала бақшаларының контингентин есаплап шықтым. Еле де 140—150 орынлыққа мөлшерленген 3—4 ясли—бала бақша керек екен. Буларды тийисли орынлардың алдына қойып, балалы аналардың жумыс ислеўине тырысаман.

5. Ўатандарлық урыс инвалидлерине, ветеранларға, қаҳарман аналарға, қәўендерсиз адамларға хызмет көрсетиўди жолға қойыўды тек депутат сыпатында емес, ал инсан сыпатында әдиўли ис деп билемен. Мен округ территориясындағы турыўшы усындай адамлардың тилек талапларын үйренип атырман. Қаладағы «1-май», Наўайы, Қоңырат, Өзбекстан көшелериниң асфальтлары тозған. Усы көшелерди жақадан асфальтлаўға, канализация жүргизиўге тийисли орынлар алдына мәселе етип қояман.

Бердалы Ильясов

Бердалы Ильясов 1950-жылы туўылған. Билими жоқары. Партияда жоқ. «Узгипроселстрой»дың Нөкистеги филиалының инженер-қурылысшысы.

Өзиниң өмир жолын әпиўайы рабочийдан баслаған Бердалы Ильясов, жоқары маглыўмат алғаннан соң, инженер, бас инженер, СУ—2 өндирислик болиминиң баслығы ҳәм басқа да жуўапкерли лаўазымларда иследи. Ҳәзирги ўақытта ол «Узгипроселстрой» Нөкис филиалының жойбарлаў бас инженери.

Бердалы Ильясовтың сайлаў алды платформасы оғада рәңбәрең.

— Қарақалпақстанды раўажландырыў бойынша № 310, 1110-қарарларда белгиленген объектлерге қаржы бөлип шығарыў, оларды қурыў ҳәм иске қосыўды турақлы түрде бақлап барыў;

— республиканың пүтин қурылыс комплексин жойбарлаўға актив қатнасыў;

— Нөкистен 50 койкалық суў емлеўханасы, көшелерди абаданластырыў, домкомлар қасынан орайлар дүзиў, сол мақсетте ветеранлар ҳәм балалардың дем алыўы ушын, жәмийетлик илажлар ушын өжирелер бөлип шығарыў;

— Пайтахтымыздың орайында пиядалар зоналарын, балалар қалашаларын қурыў;

— жеке жайларға орайластырылған ямаса жергиликли канализация қурыў;

— Коммунал жайларды ыссы суў менен тәмийинлеў;

— СССР Минздравынан қосымша дәри-дәрмақлар алыў, үскенелер менен көшпели госпиталлар ушын «толық медициналық десант»ты алыўға ерисиў;

— Жасаўға жарамлы жайларды бузыўды тоқтатыў; Бузылған жайлардың жасаўшыларына сол районда иске қосылған биринши гезекте квартиралар алып бериў ҳәм бузылған жайлардың жасаўшыларына базар баҳасы менен жайдың нырқын алып бериў.

— Қыт затларды республикадан тысқары сатыўды қадаған етиў;

— Районлық коэффициентти пенсияларға, стипендияларға ҳәм басқа да социаллық төлемлерге қосыўы;

— Нөкистеги 600 койкалық республикалық емлеўхананың ҳәр бир гезегинде 300 бийтапты қабыллаў поликлиникасы менен 240 койкалық республикалық балалар емлеўханасының қурылысын ҳәм иске қосылыўын актив қадағалаў;

— Жеке жай салыў ушын қалада 12 сотых, аўыллық жерде 25 сотых жер участкасын бөлип шығарыўға ерисиў;

— 30-жыллардан бурынғы әдебияттың тарийхын үйрениў ушын мектеплерде араб графикасы тийкарында қарақалпақ тилин үйретиўди тезлетиў мәселелерин ортаға қояды.

Мине, болажақ депутат усындай проблемалық мәселелерди шешиўге актив қатнасатуғынлығын көпшиликке мәлим етеди.

Галия Аминова

Г. Х. Аминова 1948 жылы Гөне-Үргенч районында туўылған. Миллети татар. Семьялы, үш перзенттиң анасы. 1969 жылдан берли «Қарақалпақ электр тараўы» кәрханасында слесарь болып мийнет етип киятыр.

Қарақалпақстан халық депутатлығына усынылған кандидаттың платформасы төмендегилерден ибарат.

Бириншиден; автономиялы республикамыздағы халық билимлендириў тараўындағы кемшиликлерди сапластырыў менен келешекте жәмийетимизге саўатлы қәнигелер жетистирип бериў әҳмийетли орында турады.

— мектеп оқыўшыларының тыянақлы билим алыўы ушын оларға қолайлы шараятлар туўдырыўы менен бирге олардың ден саўлығын сақлаў ушын асханалардың тазалығын тәмийинлеўге жәрдемлесиўди ўазыйпам деп билемен.

Екиншиден; Балаларды мектепке шекемги тәрбиялаў орны болған балалар бақшаларының жетиспеўшилиги себебинен қаншадан қанша ҳаял-қызларымыз жумысын қойып үйинде отырыўға мәжбүр болмақта. Сонлықтан да балалы аналардың жумыс ислеўине жәрдемлесемен. Сондай-ақ қосымша балалар бақшасын қурыўға фонд ажыратқан талапқа муўапық.

Үшиншиден; қалалық атқарыў комитетине жас өспиримлерди жумысқа орналастырыў мәселеси бойынша усындай бөлим ашып жумыс алып барыўын усыныс етемен. Сонда ғана биз жас өспиримлер арасындағы ушырасатуғын жынаятларды сапластыра аламыз.

Төртиншиден; Автономиялы республикамызда ҳәм Нөкис қаласында экологиялық жағдайдың төмен екенлиги ҳәммеге мәлим Сол ушын халықты Түйе-Мойын суў сақлағышынан таза суў менен тәмийинлеўге ҳәм водовод қурылысының тезлик пенен питкерилиўине жәрдемлесемен.

Бесиншиден; Халықтың экономикасын көтериў үлкен әҳмийетке ийе. Буның ушын халықты биринши гезекте азық-аўқат пенен, сондай-ақ, ҳәр бир хожалықты турақ жай, балаларды бала бақша, интернат және де мектеплер менен тәмийинлеп халыққа, айырықша пенсионерлерге турмыс жағынан хызмет көрсетиўди жақсылаў зәрүр. Бул мәселелер бойынша социаллық әдиллик принципиниң турмыста толық сәўлелениўи ушын гүресемен.



Тақыятас қаласындағы № 4 өндирислик техникалық училищениң қапталынан шөлкемлестирилген техникалық кружокта жаслар өз өнерлери бойынша шуғыланып, көп нәрселерди өзлестирип алыў мүмкиншилигине ийе болып атыр. Бул кружокты Хайбулла Нурмаханов басқарады. Ол жасларға техника сырларын жалықпай үйретеди.

СҮЎРЕТТЕ; Х. Нурмаханов кружок ағзалары менен бирге практикалық жумыс өткерип атыр.

К. ОРАЗОВтың түсирген сүўрети.

МИЛЛИЙ ДӘСТҮРИМИЗДИ УМЫТПАЙЫҚ

Ҳәммемизге белгили ҳәзирги ўақытқа келип умытылып баратырған миллий дәстүрлер мәселеси алға қойылмақта. Мәселен өткен жылғы «Наўрыз» байрамындағы миллий дәстүрлерди, тағамларды, кийим-кеншеклерди көргенимизде ҳайран қалдық. Халқымыздың усындай әжайып дәстүрлериниң гүўасы болғанымыз — қандай да бир қызығыўшылықты оятты. Гүрес, ылақ ойыны, әтекшек ушыў, қыз-жигитлер айтысы, кесе алысыў, қыз узатыў, бет ашар ҳәм усларға усаған тағы да басқа дәстүрлердиң тек бирли ярымы ғана сақланып қалды.

Ал қалғанларының кем-кем умытылып баратырғаны оғада өкинишли.

Халқымыздың миллий дәстүрлерин пропагандалаў биз комсомолецлердиң де ўазыйпамыз. Мениң пикиримше, миллий дәстүрлер бойынша көзден өткериўлер (конкурс) ҳәм ҳәр қыйлы тағамларды таярлаў жолларын, миллий кийим-кеншеклерди тигиў сырларын жасларға үйрететуғын кружоклар шөлкемлестирилсе талапқа муўапық болар еди.

Мен усы темада газета оқыўшыларының пикирлерин билгим келеди. Сизлер қандай пикирдесизлер, ҳүрметли дослар?!

З. ЗАРИЕВА.

Ленинабад районының В. И. Ленин атындағы орта мектебиниң 11-класс оқыўшысы.

ЖУРНАЛИСТ ЖУЎАП ИЗЛЕЙДИ

ҲҮКИМ

Тақыятас қалалық халық суды оны талапкердиң арзасы бойынша толық жуўапкер деп таўып, үстинен граждандық Ис қозғады. Соң Исти судта қарап, оны отырған жайынан шығарыўға ҳүким етти. Ол; «суд бир тәреплеме алып барылды, зәрүрли гүўаларды шақырмады, мениң айтқанларымды есапқа алмады, мәпимди қорғамады», деп наразылық билдирди. Оның наразылық арзасы бойынша Исти кассациялық тәртипте қарап шыққан Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Суды да халық судының ҳүкимин өз күшинде қалдырыўды уйғарды. Соннан кейин барып ол редакцияға шағым арза менен келди...

Ҳәр қашан суд өз ҳүкимин халықтың атынан шығарады. Оның қаншалық шынлыққа қурылғанын, я қәте екенин тек тийисли болған жоқарғы орынлар ғана айта алады. Соның ушын да мен шағым хат авторы Урпатша Иниятованың үстинен шығарылған, оның наразы болып отырған Тақыятас қалалық халық судының ҳүкими (председатели А .Рахимов) ҳаққында ҳеш нәрсе айтпайман, оған ҳақымда жоқ...

Бирақ, бизлердиң ҳәр биримиз ушын. тең болған, және бир ең әдил —суд бар. Ол ҳүждан суды! Оның нызам талаплары оғада қатаң. Сол ушында мен оның ҳүкимине бойсына отырып, бул мәселе бойынша ҳақыйқатлықты, тек ҳақыйқатлықты айтпақшыман. Өйткени мен У. Иниятованың арзасы бойынша сол жоқарыда сөз болып отырған «граждандық Ис» пенен танысып, тийисли адамлар менен сөйлесип мәселени үйренип шықтым. Сондағы мақсетим, шағым хатқа бир тәреплеме жуўап берип, қәтеге жол қоймаў еди...

...Ол күйеўи Бегалыны сүйип турмыс қурды. Сол ушын да олар екеўи дәслепки күнлерден баслап ақ татыў семья болып жасай баслады. Бирақ, Урпатша күйеўиниң ата-анасы өзин онша жақтырыңқырамайтуғынын азлап болса да сезип жүретуғын еди. «Хызметим унаса барлығы жақсы болып кетер» деп ҳеш нәрсе елестирмегендей болатуғын еди, ол. Сөйтип жүргенде олар Гүлмийра исимли қызалақлы болды.

Ўақыт көзди ашып жумғанша болмай зымырап өтэ берди. Гүлмийра да бираз үлкейип қалды. Бала кеўилдиң қуўанышы, семьяның уйытқысы ғой. Олар қызын алма-гезек қолларына алып, еркелетип, аймалап сүйеди.

Кейин Бегалының ата-анасы оларға арнап жақын бир көшениң бойынан «жер план» алып жай салып берди. Бул олардың балаларымыз өз алдына хожалық болсын, ел болсын дегендегиси шығар. Урпатша жай тиклеўге жәрдем берген усталарға, олардан ўақты-ўақты хабар алып , туратуғын қәйин атасына да пәйик болып хызмет етти. Аўқатын писирди, чайын демледи. Арғы басы еки-үш айға бармай жайда питип, олар таза қонысқа көшип-қонды. Олар енди бурынғыдан да татыў тура баслады.

Енди ойлап қараса булардың барлығын қәйин атасы оннан қутылыў ушын ислегенге уқсайды-аў... 1989-жылдың июль айында күйеўи Ташкент қаласына дем алыўға кетти. Бирақ,... ол соннан қайтып бул үйге келмеди. Кейининен ол өзиниң бул ҳәрекетин, сол Урпатшаны жайдан шығарыў бойынша ҳүким шығарған судқа берген түсиник хатында; «келиншегим менен турмыс қурыў мүмкиншилиги болмаған соң басымды алып шығып кеттим» деп түсиндиреди.

Урпатша барлығына шыдап сабырлылық пенен оны күтти. Мен болмасам мына бийгүна нәрестесин аяр. айланып келер деп ойлады, Бул ўақытта оның үстине және аяғы аўырласып жүр еди. Бир-еки мәрте Бегалының жумыстан үйине қайтып баратырғанын көрип алдынан шықты. Қолына Гүлмийраны да көтерип алды. Сондағы ойы ҳеш болмаса қызына қайрылса, бул «қылўасының» себебин сорап, еки аўыз тиллеспекши. Яқ, ол қайрылмады. Ғырра кейинне айланып кетип қалды.

Сол күннен көп өтпей үйине Ташбай Нуржанов деген адам келип; (сол судтағы талапкер) «жайды босат, жай меники» деп кетти. Ол аң-таң. Бул жақта күйеўи «кет» я «қал» демей таслап кетсе, жездеси (судта солай көрсетилген) жайдан шық десе...

...Бул «жығылғанға-жудырық» дегендей болды. Онысыз да қабырғасы . қайысып, етеги жасқа толып отырған келиншектиң дәртине-дәрт жамалды...

Оның қайғы аралас ишпне жутқан жүрек сөзлерин, санаўлы күнлерден кейин дүньяға келетуғын жас нәресте еситип атырғандай «қыймылдап-қыймылдап» қояды. Оның көз алды булдырап ишиндеги нәрестеси енди ғана ядына түскендей жүресине отыра қалып және жылайды...

Урпатша Иниятова жасап атырған Тақыятас қаласының Досназаров көшесиниң № 65 жайына талапкер болып судқа арза берип жүрген Ташбай Нуржанов ким өзи? Ол сол судтағы ҳәр қыйлы ҳүжжетлерде, суд тергеўи ўақтындағы берген көрсетпелерге қарағанда Урпатшаның күйеўи Бегалының әкеси Тоқсанбай Абубәкировтың күйеў баласы қусайды. Мейли солай ақ болсын. Бирақ, не ушын ол 1989-жылы У. Иниятова күйеўинен айрылысқаннан кейин; «жай меники, олар кирейге турған еди» деп талапкер болып отыр? Өзи қаяқта жасап атыр? Сол жасап турған жайы кимниң атында? Неге тийкарланып «жай меники» деп отыр? Ҳақыйқатында да жайды усы адам салған ба?

Бул сораўлардың барлығына жуўап табыўға туўра келеди. Онысыз биз де бир тәреплемеликке жол қойыўымыз мүмкин... Судтағы ҳүжжетлерде Нуржанов Ташбай Тақыятас қаласының Ғ. Ғулам көшесиниң № 10 жайында ўақытша тураман» деп көрсеткен. Ал, оның тийкарғы жайы «Досназаров көшесиниң № 65 жайы екен». (?) Ол усы сөзлерди неге тийкарланып айтып ҳәм талапкер болып отыр?

17-ноябрь 1989 жылы суд тергеўи жүрип атырғанда бул мәселеге анықлық киргизиў ушын суд тәнепис жәриялап (истиң 19—23 бетлери) Тақыятас қалалық Совет атқарыў комитетине сораў-хат жиберди. Усы хатқа (№ 2—195) 1989-жылдың 19-ноябри күни (Истиң 16 бетинде) жуўап алынған. Онда мәлим болыўынша; «Тақыятас қаласының Досназаров көшесиниң № 65 жайының жер участкасы 1981 жылы Нуржанов Ташбайға бекитилген. Бирақ, сол ўақытта қарар шығарылмаған. Сол себепли бул мәселе жер бойынша ҳуқықый комиссияның мәжилисинде қаралып, оның протоколы қалалық Совет атқарыў комитетиниң 18 сентябрь 1988 жылғы № 254/17 қарары менен тастыйықланып, Досназаров көшесиниң № 65 жайы Нуржанов Ташбайдың атына өткерилип, есапқа алынған».

Егер олай болса не ушын шағым хат авторы У. Иниятова «жайды күйеўимниң әкеси Тоқсанбай Абубәкиров бизлерге атап салдырды. Мен оны өз көзим менен көрдим, хызметин еттим» деп шыр-пыр болып жүр? Ол және бир гәлинде; қәйин атам меннен қутылыў ушын усылай ислеген қусайды. Маған пай бермей, шерменделерше қуўып шығажақ» деп айтады...

Мен «граждандық Исти» дыққат пенен үйренип шықтым. Онда Т. Нуржанов; «Атқарыў комитетиниң қарарын 1989-жылдың 14-сентябри күни алдым» деп (Истиң 20 бети) көрсетпе берген де жерлери бар. Бул факт Истиң бир неше бетинде қайталанады. Айырымларының кейининен (ақырғы саны 8 болып) өзгертилгенин анық сезиўге болады.

— Буны биз абайламай қалған қусаймыз. Бул суд секретарының қәтеси. Бирақ, ол Иске протест келтириўге тийкар бола алмайды,—деди бул мәселе бойынша Исти кассациялық тәртипте қарағанда баянлама жасаған Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Судының ағзасы М. Машарипов өзи менен сөйлескенимде.

Бул нәрсениң Иске протест келтириўге тийкар бола алмайтуғынын менде түсинемен. Бирақ. ҳәр қандай қәте, ўақтында дүзетилмесе және басқа биреўдиң қәтеге жол қойыўына себепши болады. Ҳуқық қорғаў органларының хызметкерлери ҳәр қандай Исте бир ҳәриптиң қәте жазылыўы шынлықты шешиў ушын қаншалық кесент беретуғынын жақсы түсинеди, деп ойлайман.

Яқшы, булда өз жолынан бара берсин. Буны процессуаллық қәте емес деп гетән аламыз. Ал онда; «Мен Досназаров көшеси № 65 жайдың планын 1984 жылы өлшеп алған едим.

Атқарыў комитетиниң қарарын салып болғаннан кейин аларман, деп алған жоқ едим.

Соннан 1988 жылы алдым» деп (Истиң 18 бетинде) Ташбай Нуржановтың 1989-жылдың 20 ноябри күнги судқа берген түсиник хаты туўралы не айтыўға болады? Абайлаған болсаңыз Тақыятас қалалық Совет атқарыў комитетиниң № 254/17 қарарында Досназаров көшесиниң № 65 жайының жер участкасы Нуржанов Ташбайға 1981 жылы бекитилген, деп көрсетиледи. Оның өзи; «жерди 1984 жылы өлшеп алдым» дейди. Бундай қарама-қарсылықты я Тақыятас қалалық халық суды, я Исти кассациялық тәртипте қараған Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Суды анықлаўға қызықпаған.

Т. Нуржановтың «ўақытша тураман» деп көрсеткен Тақыятас қаласының Ғ. Ғулам көшесиниң домкомының берген справкасында (истиң 10-бетинде) № 10 жайда оның өзи менен бирге төрт адамның туратуғынлығы көрсетилген. Бирақ, дәслепки судта да, Ис кассациялық тәртипте қаралғанда да бул жайдың кимге тийисли екени анықланбаған, я болмаса тийисли ҳүжжет жоқ.

Мен арзаны тексерген пайытымда бул мәселеге анықлық киргизиўге қызығып көрдим. Тийкарынан жай 1985 жылы салып питкерилген. Бирақ, усы ўақытқа шекем ҳеш кимниң атына өткерилмеген. Қалалық техникалық инвентаризациялаў бюросының группа баслығы Н. Шүрембаевтың берген көрсетпесине қарағанда «қалалық Совет атқарыў комитетиниң қапталындағы жер бойынша ҳуқықый комиссияның 1989 жылғы февраль айында өткерген тексериўиниң жуўмағында Ғ. Ғулам көшесиниң № 10 жайы 1971 жылы туўылған Нуржанов Қуўанышбайға тийисли деп табылған». Олай болса талапкер Т. Нуржанов өзиниң 19 жасар баласының қолында ўақытша турады екен-дә. Баласы техникумда оқып атыр. Оннан қалса жай қурылып питкерилген ўақытта ол жаңа 15 жасын толтырған болады...

Усы жерде Тақыятас қалалық Совет атқарыў комитетиниң 1988 жылдың 14 сентябри күнги № 254/17 қарарына қосымша мына фактлерди келтиргим келип отыр. Себеби бул нәрсе мәселеге бир қанша айқынлық киргизип, Истиң шешимин тезлестириўи мүмкин. Қалалық атқарыў комитетиниң тийисли бөлимлериниң бириниң ҳүжжетлеринде «1977 жылдың 20-июлындағы атқарыў комитетиниң № 206 қарары менен Ҳамза көшесиниң № 15 участкасы (бурынғы 53 Проектная кварталы) Нуржанов Ташбайға бекитилген» деген фактлерди ушыратыўға болады. Ең қызығы сол «№ 206 қарардың қалалық совет атқарыў комитетиниң 1988 жылдың 20 апрели күнги № 118/8 қарары менен Нуржанов Ташбайдың атына қайтадан бекитип тастыйықлаўында» болып отыр. Бул алжасықларға тийисли орынлар жуўап бере берер, биз тийкарғы мәселеге қайтайық...

Солай етип даў болып отырған Досназаров көшесиниң № 65 жайы кимге тийисли? Усы көшениң домкомының көрсетпесине қарағанда көше дерлик бир қатар қурылып питкеннен кейин, айырым себеплерге байланыслы жайлардың қатар санларында өзгерислер болған. Атап айтқанда ҳәзирги жайлардың қатар санлары менен, тийкарғы документлердеги ажыратылған жер участкаларының қатар санлары туўры келмейди. Ҳүжжетлерди салыстырып көрдим, ҳақыйқатында да солай екен. (Нуржанов буны есапқа алмаған болса керек). Досназаров көшесиниң № 65 жайы 1981 жылғы тийисли документлерде № 61 жер участкасы екени анықланды. Ол тийкарынан «1981 жылғы қалалық Совет атқарыў комитетиниң 7-июльдағы № 149 қарары менен Қожбаев Уайджанға бекитилген». Бирақ, ол бул жер участканы басқа биреўге сатқан деген бизде мағлыўмат бар. Ортадағы адам болса жайдың тырнағын қалап болғаннан кейин; «Т. Абубәкировке сатқан болыўы мүмкин» деп шамалайды қоңсы қобалары. Өйткени олар өзлериниң көрсетпелеринде бул жайды Т. Абубәкиров баласы ҳәм келинине атап салғанын билетуғынларын айтады. (олардың түсиник хатлары редакцияда. Б. Т.) Бирақ, Нуржанов Ташбайдың бул жерге жай салғанын ҳеш ким көрмеген...

Көрип отырғаныңыздай мәселе дым шийеленисип кеткен. Сол ушын да оны анықлаўға бираз ўақыт кетти.

Тақыятас қаласында соңғы мәрте болғанымда мен хат авторы Урпатша Иниятова менен ушырастым. Оның жылап отырып айтып берген аянышлы тәғдири ҳаққындағы «қыссаны» үнсиз отырып тыңладым. Мени оның шағым хатының ең соңындағы; «сизлер өз газетаңызда жаслардың өз жанларына қаслық ететуғынлығын жазып ҳәм оның себебин үйрениў керек деп сиз. Мине мени ақ алып қараң. Егер ҳеш ким жәрдем бермесе басқа қандай жолды таңлаўым мүмкин?

Тек ишимдеги еле дүньяға келмеген жас нәрестемди аяйман. Бирақ, өзимниң қашанға шекем шыдам беретуғынымды билмеймен» деген қатарлар қатты тәшўишлендиреди. Сол ушын оған бундай жолдан барыўға болмайтуғынын түсиндирдим. Бүгинде соны қайталайман.

Жоқарыда айтқандай мен ҳүждан судының ҳүкимин орынладым. Сол ушын да ҳәр еки тәреп өз ҳүжданлары алдында «наразылық арза жазып» излениўине болады. Оның шынлықтың шешилиўине жәрдемин тийгизетуғынына ҳеш қандай гүманым жоқ.

Бухарбай ТИЛЕУМУРАТОВ
«Жас Ленинши»ниң арнаўлы хабаршысы.

ПЕДАГОГ МИНБЕРИ

Бала тәрбиясын сөз етсек

Районымызда реформа талабына сәйкес 6 жасарлар мектеплерде оқып атыр. Мектепке жаңадан бақшадан келген оқыўшылардың ҳәрекети, минези күтә қызықлы.

Өткен оқыў жылында 30 оқыўшы 6 жасарлар класына тартылды. Олардан 24 ул-қыз балалар бақшасынан, 6 оқыўшы семьяда тәрбияланған. Мен оқытып атырған 24 ул-қыздың 20 сы сабақты жақсы үлгерди де, 4 оқыўшы үлгермеўшилер қатарында есапланды.

Ал, семьядан туўры мектепке келген 6 оқыўшы сабақларды жақсы үлгерди,. Жоқарыда айтып өткен бақшада тәрбияланған 4 оқыўшы мени ойландырды. Неге булай? Мен буны изертлей басладым. Усы оқыўшылардың екеўиниң анасы балалар бақшасында тәрбияшы болып ислейди екен. Бақшада ислеўшилердиң айтыўына қарағанда бул балалар группада еркелеў өсип, балалар ушын алынған ҳәр қыйлы мазалы тағамларды басқалардан бурын татып, ҳәтте қалталарын толтырып алып жүрген. Оларға басқа балаларға қарағанда өзлерине қандай еркинлик берилгенлигин сезиўге болады. Ал, қалған еки оқыўшының әкеси совхозда абыройлы адамлар екен. Олардың балаларына бақшаның тәрбияшылары да, бирге ислескен кәсиплеслери де үндемес екен. Балалар ерке өскен.

Атақлы педагоглардың айтыўына қарағанда, тәрбия балаларға 6 жасқа шекем берилип, 6 жастан кейинги тәрбия қайта тәрбиялаўға жатады екен. Олай болатуғын болса мектепке келген балалар өзлериниң тийкарғы тәрбиясын семьяда алған, ал бизиң мектептеги тәрбиямыз қайта тәрбиялаўдың басқышлары болып шығады.

Бала тәрбиясында ҳеш қандай майда нәрсе жоқ. Соның ушын жас өспиримлерди ҳәр бир ата-ана семьяда ҳәр тәреплеме тәрбиялап барыўы керек. Мектепте оларға муғаллимлер әдеп-икрамлы болыўды үйретеди. Улыўма алғанда, ата-аналардың ҳәм муғаллимлердиң жас өспиримлерге берген тийимли тәрбиясы келешекте олардың жақсы азамат болып өсиўине әкеледи.

Қ. АТАМУРАТОВ.
Нөкис районы Д. Назбергенов атындағы орта мектептиң муғаллими.



Жулдызлар қалашасында (Москва областы) гезектеги ушырасыўлар экспедициясының таярлық жумыслары жуўмақлана келди. «Мир» орбиталық комплексинде бул сапары теңдей еки экипаж ушыўға таярланып атыр. Олардың бириниң командири СССР ушыўшы космонавты, Советлер Союзының Қаҳарманы полковник А. Я. Соловьев, борт инженери А. Н. Баландин, екинши «екиликтиң» командири подполковник Г. М. Манаков, ал борт инженери ўазыйпасы СССР ушыўшы-космонавты еки рет Советлер Союзының Қаҳарманы Г .М, Стрекаловқа жүкленген.

Космонавтлар дәстүрине ылайық олар елимиздиң ең уллы мәдений орынларын барып көрип атыр. Олар сондайақ Кремльдеги В. И. Лениниң музей-квартирасында ҳәм Қызыл майданда болды.

СҮЎРЕТТЕ; (оңнан шепке қарай) борт инженери А. Н. Баландин, экипаж командири А. Я. Соловьев өзиниң 9 жасар баласы Илья ҳәм 13 жасар баласы Геннадий және ҳаялы Наталья Васильевна менен В. И. Ленин музей-квартирасының директоры А. А. Шефовтың гүрриңин тыңламақта.

ТАСС.

Роберт ШЕКЛИ

Қүдиретли қурал

(ФАНТАСТИКАЛЫҚ ГҮРРИҢ)

— Әлбетте,—деди Эдсель.

Парк бир шетте дыққат пенен тыңлап, тырнақларына үңилип тур.

— Егер сен өзиң ушын корольлик қурып алсаң, мен саған миймanға барaман,—деди Факсон күлиў ушын ҳәлсиз ҳәрекет етип. —Мүмкин, сен мени герцог етип ямаса тағы қандай да бир лаўазымға көтерип қоярсаң.

— Мүмкин.

— Яқшы, қандай әжайып. Саған табыс тилеймен,—Факсон оған қол былғады ҳәм қапыға қарай жүрди.

Эдсель оған 20 адымдай жүриў мүмкиншилигин берди, соңынан қуралды көтерди ҳәм тетикти басты. Сес шықпады, от та көрийнбеди, бирақ Факсонның оң қолы тең-тегис қыйып түсирилди. Эдсель тезлик пенен тағы бир мәрте тетикти басты. Кишкене адам екиге бөлинип қалды. Оның оң ҳәм сол тәреплериндеги жерде тереқ қарықлар қазылып қалды.

Эдсель бирден барлық усы ўақытлар даўамында Паркқа жаўырынын қаратып турғанына пәми жетти ҳәм кескин (ол тәрепке) бурылды. Парктың ең жақын турған пистолетти алыўы ҳәм оны бөлек-бөлек етип таслаўына болатуғын еди. Бирақ Парк көкирегине қолларын айқастырып тыныш ғана орнында тур.

— Бул нур не нәрсе арқалы болса да өтип кетеди, —деди Парк арқайын қәтержәмлик пенен,—пайдалы ойыншық.

Эдсель ярым саат даўамында рәҳәтленип есиктиң қасына ана қуралды бир, мына қуралды бир тасыды. Парк қызығыўшылық пенен Эдсельдиң ҳәрекетлерин бақлап, қуралларға ҳәтте тийген де жоқ.

Марслылардың әййемги қуралы тап-таза сыяқлыдай, неше мыңлаған жыллар даўамында оның бийҳәрекет жатқаны ҳеш сезилмес еди. Бөлмеде ҳәрқыйлы, түрли-түрли қурылысқа ҳәм қуўатқа ийе қураллар көп еди. Кисини ҳайран еткендей жыйнақлы ыссылық пенен ҳәм радиация менен атыўшы автоматлар, дәрҳал музлатып таслаўшы қурал, бирден өртеп жибериўши қурал, бузып таслаўшы, ләң етип қатырыўшы ҳәм басқа да усыллар менен барлық тири мақлуқты өлтире алатуғын қураллар.

— Қәне мынаны бир көрейин, —деди Парк.

(Даўамы. Басы өткен санда).

Үш аўызлы тамаша мылтықты сынап көрмекши болған Эдсель иркилди.

— Мен бәнтпен, не көрмей турсаң ба?

— Бул ойыншықлар менен әўере болғанды тоқтат. Кел, турарлық ис пенен шуғылланайық.

Парк дөңгелеклерге қойылған төменшик қара платформаның алдына барып тоқтады. Олар екеўлеп платформаны ийтерип сыртқа айдап шықты. Эдсельдиң басқарыў пультындағы кишкене тутқаларды бурағанын Парк оның қасында турып бақлап турды. Машинаның терең төринде әсте гүрилди пайда болды, соңынан оны көкшил думан қоршап алды. Эдсель кишкене тутқаларды бураған сайын думанның көлеми өсе берди, сөйтип еки адамды да қамтып алды ҳәм ярым шеңбер пайда етти.

— Атып мынаны тесип көр, қәне,—деди Парк.

Эдсель өзлерин қоршап турған көк дийўалға атып жиберди. Атылған зарядты көк дийўал толығы менен өзине сиңирип алды. Эдсель оған тағы үш ҳәрқыйлы пистолеттен атып көрди, бирақ олар да тынық көкшил дийўалды тесе алмады.

— Мениң ше, бундай дийўал атом бомбасы жарылғанда да төтепки береди,—деп айтты Парк әсте ғана. —Шамасы, бул күтә үлкен қуўатлылыққа ийе күш майданы болса керек.

Эдсель машинаны өширди, олар қурал турған бөлмеге қайтып келди. Қуяш жийекке жақынлап киятырғанлықтан бөлмениң иши геўгим тартып, қараңғыласып баратыр.

— Билесең бе? —деди бирден Эдсель. —Сен жаман жигит емессең, Парк. Кеўилдегидей жигитсең.

— Рахмет, —деп жуўап берди Парк, бир төбе қуралға қарап атырып.

— Мениң Факсонды дал-дал еткениме сен ашыўланбайсаң ба, я? Ақыры, ол бизлерди ҳүкиметке айтып бермекши еди-ғо.

— Керисинше, мен мақуллайман.

— Сениң кеўилдегидей жигит екениңе исенимим мол. Мен Факсонды атып атырғанда сениң мени өлтириўиң мүмкин еди.—Парктың орнында өзи болғанда солай ислерде еди; Бирақ Эдсель бул ҳаққында ҳеш нәрсе демеди. Парк ийнин қысып қойды.

— Мениң менен бирге патшалық қурыў ҳаққындағы идея саған қалай, унай ма?—деп сорады Эдсель ыржыйып күлип.—Бизлер бул исти аўдар-төңкер етемиз, деп ойлайман. Буның ушын өзлеримизге мине деген елди табамыз, дүркин-дүркин қызлар болады, ўақты хошлықлар. Сен буған қалайсаң?

— Мен тилеклеспен,—деди Парк. —Мени өз командаңда деп есаплай бер.

Эдсель оның ийнинен қағып қойды ҳәм олар қураллар қатарлары бойлап ары кетти.

— Мыналар айтарлықтай апаның,—деп даўам етти Парк,—бизиң бурынғы көргенлеримиздиң вариантлары.

Бөлмениң мүйешинде олар қапы барлығын абайлады. Қапыда марслылар тилинде жазылған жазыў көринди.

— Мына жерге не жазылған? —деп сорады Эдсель.

— Қүдиретли қурал ҳаққындағы бир нәрселер, —деп жуўап берди Парк, жат тилдиң пухталық пенен жазылған ҳәриплерин анықлап көрип атырып.—кирмеңлер деп ескертеди.

Парк қапыны ашты. Олар ишке кирмекши болып еди, бирақ күтилмеген нәрседен бирден кейин серпилди.

Қапының аржағында қурал сақлаўлы бөлмеден үш есе үлкен зал болып, оның дийўаллары бойлап, залды толтырып жаўынгерлер тур еди. Бай кийимлер кийинген, тис-тырнағына шекем қуралланған жаўынгерлер қылт етпей, мүсин сыяқлы болып тур. Оларда ҳешбир тиришиликтиң белгиси жоқ еди.

Кирер аўызға жақын жерде стол болып, оның үстинде үш зат бар еди; бөлекшелерге бөлиў белгилери салынған, көлеми жудырықтай шар, оның қасында—жалтыраған дуўлыға, оның аржағында онша үлкен болмаған, қақпағында марслылардың ҳәриплери бар қара қутыша тур.

— Бул не—қойымшылық па? —деп сыбырлады Эдсель марслы жаўынгерлердиң Жер адамларына усамайтуғын қыяқ тастай қатыўлы да кескин жүзлерине нәзер таслап.

Оның артында турған Парк жуўап бермеди.

Эдсель столға жақын келди ҳәм шарды қолына алды. Әсте абайлап оның тилин бир сызыққа бурады.

— Сен қалай ойлайсаң,олар не ислеўлери тийис?—деп сорады ол Парктан. —Сениң ойыңша...

Олар екеўи де қалтырап кетти ҳәм кейин шегинди. Жаўынгерлердиң қатарлары бойлап ҳәрекет пайда болды; Олар аўытқып кетти де «смирно» ҳалында қатып қалды. Әййемги жаўынгерлер тирилди.

Олардың бири, гүмисли қырмызы форма кийгени, алға шықты ҳәм Эдсельге бас ийип, тәжим етти.

— Мырза, сизиң жаўынгерлериңиз таяр.

Ҳайран қалғанлықтан Эдсель айтарға сөз таба алмады.

— Сонша жыллардан бери сизлер қалайынша тири қалыўға еристиңизлер?—деп сорады Парк. Сизлер марслыларсыз ба?

— Бизлер марслылардың хызметкерлеримиз,—деп жуўап берди жаўынгер.

Парк жаўынгер сөйлегенде оның еринлериниң қыбырламағанына итибар берди. Марслы жаўынгерлер телепатлар еди.

— Бизлер Синтетлермиз, мырза.

— Сизлер кимге бағынасыз?

— Активлеўшиге, мырза.—Синтет тиккелей Эдсельге, оның қолларындағы тынық шарға қарап сөйлеп тур.

— Бизлерге аўқат ямаса уйқы керек емес, мырза. Бизиң бирден-бир тилегимиз—сизге хызмет етиў ҳәм саўаш.

Жаўынгерлер мақуллап бас ийзеди.

— Бизлерди урысқа басла, мырза...

Тыныпсызланбаўыңыз мүмкин, —деди Эдсель, ақыры өзине келип. —Мен сизлерге, жигитлер, ҳақыйқый саўаш не екенин көрсетемен, исене бериң.

Жаўынгерлер салтанат пенен үш рет бақырып сәлемлести Эдсель. Паркқа бурылып қарап, мақтанышлы кең мыйық тартты.

— Циферблаттағы бөтен бөлим белгилери нелерди аңлатады? —деп сорады Эдсель. Бирақ жаўынгер үндемеди. Шамасы, оған ендирилген программада бул сораў нәзерде тутылмаған болса керек.

— Олар мүмкин басқа Синтетлерди активлейтуғын болыўы мүмкин,—деди Парк. —Жаўынгерлерге толы заллар төменде тағы да бар шығар.

— Менен сизлер: «Саўашқа баслап апарасаң ба?»—деп сорайсыз аў тағы. Еле сизлерди сондай саўашларға баслайын!..

Жаўынгерлер тағы бир мәрте салтанат пенен сәлемлести.

— Уйықлат оларды ҳәм кел, ҳәрекетлер планын ойластырайық, —деди Парк.

Эдсель еле қатты ҳайран қалыў менен тутқаны кейин таўлады. Жаўынгерлер мүсинге айланғандай қатып қалды.

— Кейин қайтайық.

— Сен, қалай да ҳақсаң.


— Мынаның бәрин өзиң менен алып жүр,—деп Парк столды көрсетти.

Эдсель жалтыраған дуўлығаны ҳәм қара қутышаны алып Парктың изинен сыртқа шықты. Қуяш жийектиң аржағына дерлик жасырынған ҳәм қызыл шөлистанның үстинде узын қара көлеңкелер созылып жатыр. Күтә қатты суўық еди, бирақ олар буны сезбеди.

(Даўамы бар).

Редактор К. РЕЙМОВ.

ЖАС ЛЕНИНШИ



742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР: Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 512. ИНДЕКС 64612. Тиражы 28415 РК 30138